

# Aplike pou Èd Finansye, & Admisyon nan Kolèj Enfòmasyon pou Elèv Imigran

Pifò kolèj ak inivèsite Ozetazini itilize Aplikasyon gratis èd federal pou elèv [*Free Application for Federal Student Aid (FAFSA)*] pou detèminen elijibilite yon elèv pou pwogram èd finansye gouvènman federal, Leta, ak pwogram asistans finansye kolèj founi. Tout se pwogram ki ofri èd pou peye kolèj. **Elèv san papye legal (undocumented students) pa kalifye pou bous ak sibvansyon ke gouvènman federal finanse.** Elèv san papye enkli benefisyè DACA ak Dreamers.

Si ou se yon elèv san papye, ***asire ou PA:***

- *Soumèt yon aplikasyon FAFSA pou gouvènman-an revwa.*
- *Bay fo enfòmasyon sou aplikasyon kolèj, inivèsite, oswa èd finansye.*

Sa ki detèminen elijibilite w pou pwogram èd finansye Leta ak gouvènman federal se estati imigran-ou (elèv-la) e NON estati imigran paran-ou. Kifè, si yon elèv se yon sitizenn (sitwayen ameriken) oswa rezidan legal men youn oswa plis paran-li pa gen papye, elèv-la ap toujou elijib pou èd finansye gouvènman federal.

Chonje:

- Aplikasyon kolèj ak inivèsite pap janm mande yon elèv ekri nimewo sosyal sekirite-li, *Social Security Number (SSN)* sou aplikasyon-an; elèv-la bay nimewo a si li vle.
- Yon nimewo SSN obligatwa pou ou konplete aplikasyon FAFSA.

Se kont lalwa pou yon moun itilize yon SSN ki pa pou li oswa yon nimewo SSN ki fo. Note kèk bous prive kapab mande elèv-yo soumèt yon aplikasyon FAFSA kòm prèv elèv-la bezwen reyèlman èd pou peye kolèj. Pran kontak ak sekretarya biwo admisyon epi pale ak yon *admissions officer* nan kolèj oswa inivèsite ou deside soumèt yon aplikasyon. Ofisye admisyon ka konseye-ou anvan ou soumèt aplikasyon ak lòt dokimantasyon.

## Bous Prive - Private Scholarships

Anpil bous prive disponib pou elèv san papye. Bous-sa-yo gen tandans trè konpetitif. Li trè enpòtan pou w kenbe gwo mwayèn epi patisipe nan aktivite paraskolè pandan ou nan ayeskoul sa va pèmèt ou distenge w de lòt aplikan-yo lè w ap aplike pou bous detid.

## Kolèj ak Inivèsite Prive

Gen plizyè lekòl prive kab distribye bous epi ofri èd pou peye kolèj selon bezwen finansye elèv-yo, kèlkeswa estati imigran-yo. Ankonparezon, kolèj ak inivèsite piblik, pifò tan, kapab ofri elèv san papye bous baze sou merit. Kifè, pou bous detid, elèv san papye va antre an konpetisyon avèk lòt elèv kolèj ak inivèsite piblik sou baz akonplisman akademik ak talan.

Mande kolèj kote w ap aplike si yo ofri bous prive epi kondisyon elijibilite.

Ou ka menm mande ki resous ki disponib pou aplikan san papye. Fè rechèch sou diferan sant kominote, legliz, ak lekòl zòn-nan pou chache konnen si yo ofri bous detid. Chonje aplike otanke posib pou plizyè bous menmsi ou pap resevwa anpil èd pou peye kolèj, tout lajan ou resevwa va konte epi adisyone rapidman!

## Direktiv pou Frè detid aplikab andedan Leta

Le 9 jen, 2014, Gouvènè Rick Scott te siyen yon lwa **HB 851**. Lwa-a akòde elèv san papye, egzansyon pou frè detid aplikab andeyò Leta, (*out-of-state fee waivers*) si elèv-sila satisfè kritè-sa-yo:

- Te frekante yon lekòl segondè Leta Florid pandan 3 ane swivi avan yo te diplome nan yon ayeskoul Leta Florid
- Ranpli yon aplikasyon pou anwolman nan yon enstitisyon siperyè nan 24 mwa apre gradyasyon ayeskoul
- Soumèt yon relvednòt (transkrip) ofisyèl yon ayeskoul Leta Florid kòm evidans regilarite ak gradyasyon

Yon elèv kolèj-la akòde egzansyon pou frè detid aplikab andeyò Leta, *toujou konsidere yon elèv non-rezidan*, elèv sila pap elijib pou èd finansye, epi yo pap kapab rapòte li kòm yon rezidan ki va jwenn avantaj pou frè detid (tuition). Diplis, lwa sa deklare yon timoun depandan ki se yon sitwayen ameriken, lekòl-la pap klase-li nan kategori rezidan pou rezon frè detid, sou baz estati imigran paran-li.

Malerèzman, èd finansye federal pap disponib pou elèv san papye. Sèz Leta pase lwa pou ofri elèv san papye frè detid ki aplikab nan Leta a (in-state tuition) ak sibvansyon pou elèv san papye.

Anplis Leta Florid, Leta ki ofri elèv san papye, frè detid (tuition) ki aplikab nan Leta-a: California, Colorado, Connecticut, Illinois, Kansas, Maryland, Minnesota, Nebraska, New Jersey, New Mexico, New York, Oregon, Texas, Utah ak Washington.

## Opsyon Èd Finansye Keksyon ou ka Poze Ofisye Admisyon & Konseye Èd finansye

Tip Èd	Sitwayen ameriken	Rezidan legal Pèmanan	Elèv ki gen yon Viza	Bennefisyè DACA	Elèv san papye - <i>Undocumented</i>
Èd federal	Wi	Wi	Non	Non	Non
Èd Leta	Wi	Wi	Non	Non	Non
Frè detid aplikab nan Leta (In-State Tuition)	Wi, si elèv-la satisfè kondisyon rezidans egal	Wi, si elèv-la satisfè kondisyon rezidans legal	Depann de ki tip viza elèv-la genyen	Wi, nan Leta Florid	Wi, nan Leta Florid
Prè (loan) gouvènman	Wi	Wi	Non	Non	Non
Prè (loan) prive	Wi	Wi	Wi, men elèv-la ka bezwen yon ko-siyatè, de preferans yon sitwayen U.S. oswa yon rezidan	Wi, men elèv-la ka bezwen yon ko-siyatè, de preferans yon sitwayen U.S. oswa yon rezidan	Wi, men elèv-la ka bezwen yon ko-siyatè, de preferans yon sitwayen U.S. oswa yon rezidan
Sibvansyon Gouvènman	Wi	Wi	Non	Non	Non
Èd yon enstitisyon	Wi	Wi	Depann de tip viza etidyan-an obteni ak ki lekòl li frekante	Depann de ki lekòl elèv-la frekante	Depann de ki lekòl elèv-la frekante
Èd federal Travay-Etid	Wi	Wi	Non	Non	Non
Bous Prive	Depann de kondisyon elijibilite	Depann de kondisyon elijibilite	Depann de kondisyon elijibilite	Depann de kondisyon elijibilite	Depann de kondisyon elijibilite

### 2017 Tablo konparezon frè detid, frè, ak depans lavi (Egzanp Kolèj nan Leta Florid)

Lekòl / Inivèsite	Frè detid ak frè (Tuition & Fees)		Liv & Founiti klasik	Depans lavi Living Costs	
	Anndan Leta	Andeyò Leta		Andedan Kanpis	Andeyò Kanpis
Broward College	\$2,753	\$8,875	\$1,234		\$18,139
Florida Atlantic University (FAU)	\$4,831	\$17,276	\$1,320	\$16,494	\$17,082
University of Central Florida (UCF)	\$6,368	\$22,467	\$1,152	\$14,734	\$14,734
Florida International University (FIU)	\$6,556	\$18,954	\$1,590	\$15,366	\$17,191
University of Florida (UF)	\$6,381	\$28,659	\$1,210	\$13,660	\$13,660
Miami-Dade College	\$2,834	\$9,661	\$1,600		\$22,415
The Art Institute of Ft. Lauderdale	\$17,700	\$17,700	\$1,500		\$11,810
Barry University	\$28,800	\$28,800	\$1,500	\$15,540	\$19,100
Lynn University	\$36,650	\$36,650	\$800	\$16,552	\$17,391
Keiser University	\$18,368	\$18,368	\$2,000		\$15,816
University of Miami (UM)	\$47,004	\$47,004	\$930	\$16,372	\$19,552
Nova Southeastern University	\$28,736	\$28,736	\$1,500	\$17,100	\$27,135

<http://www.collegetuitioncompare.com/compare/tables/?state=FL&degree=Undergraduate>

**FLORIDA IN-STATE TUITION LAW FOR UNDOCUMENTED STUDENTS**

If you are an undocumented student in **FLORIDA**, or if you have received DACA, this law might allow you to pay fair tuition rates at state colleges and universities.

**WHO QUALIFIES?**  
Students that attended and graduated from a Florida High School (GED is not eligible) for at least 3 years AND have applied to a higher education institution within 24 months of graduation.

**HOW?**  
Your college or university provides an out-of-state tuition waiver so you can pay the same as every other student.

**MYTHS ABOUT IN-STATE TUITION LAW**

1. **Does this mean I am an "in-state student?"** No. You will be categorized as a non-Florida resident with a partial tuition waiver.

2. **Am I eligible for financial aid?** No. This law DOES NOT grant eligibility for government financial support. Students are encouraged to seek financial aid from private, non-government scholarships.

**WHAT'S THE BIG DEAL?**  
Out-of-state tuition can be more than **DOUBLE** the amount of in-state tuition.

Find out more about scholarships: [www.floridaimmigrant.org](http://www.floridaimmigrant.org)  
Call our FREE hotline at 1-888-600-5762

[floridaimmigrant.org](http://floridaimmigrant.org) Florida Immigrant Coalition @FLImmigrant

**FLIC**

Pou elèv san papye, nan Leta Florid lwa-sa-a detèminen jan frè detid (tuition) aplikab.

Nan Leta Florid, si ou se yon elèv san papye oswa si ou benefisyè DACA, lwa-sa-a va pèmèt ou peye frè detid (tuition) a yon to rezonab nan kolèj ak inivèsite Leta-a.

### KILÈS KI ELIJIB?

Elèv ki te ale nan yon lekòl ayeskoul Leta Florid epi ki diplome (si ou obteni yon diplòm GED ou pa elijib) pandan omwens 3 ane EPI ki ranpli yon aplikasyon pou ale nan enstitisyon siperyè nan 24 mwa apre li diplome.

### KOUMAN?

Kolèj oswa inivèsite va ba-ou yon egzansyon frè detid aplikab andeyò Leta konsa ou va peye menm montan ke tout lòt elèv.

### MIT OSIJÈ FRÈ DETID (TUITION) ANDEDAN LETA-A

1. Èske savledi mwen se "in-state student?" (yon elèv rezidan nan Leta-a) Non. Lekòl-la va mete ou nan kategori rezidan ki pa nan Leta Florid, e ki gen avantaj jwenn yon egzansyon pasyèl pou frè detid-li.
2. Èske mwen elijib pou èd finansye? Non. Lwa sa PA akòde elijibilite pou asistans finansye gouvènman-an. Nou ankouraje elèv-yo chache èd finansye ak bous nan men enstitisyon ak antrepriz prive, non gouvènmantal.

### POUKISA SA KONSEKAN?

Frè detid aplikab andeyò Leta (out-of-state tuition) kapab rive depase de fwa plis valè frè detid anndan Leta (in-state tuition).

**Chache konnen plis osijè bous:**

[www.floridaimmigrant.org](http://www.floridaimmigrant.org)

Rele GRATIS nimewo 1-888-600-5762 pou enfòmasyon

**Aplikasyon pou Bous detid :**  
**Enfòmasyon ak Konsèy pou Elèv**  
(Scholarship Applications – Tip for Students)

**Fè lis akonplisman-ou**

Anvan ou kòmanse, fè yon lis akonplisman-ou. Nan esè ou va ekri, komante sou akonplisman-ou kòm egzansyon klè, konkrè de **fòs-ou**.

**Fè rechèch sou bous-la**

Fè rechèch sou endividi oswa enstitisyon k'ap ofri bous-la. Yon fason **pou konnen ekzakteman ki kalite** endividi oswa enstitisyon ap chèche kay yon aplikan. Prezante klèman kalite-sa-yo nan esè-ou pou montre ou se yon kandida ideyal epi ki merite bous-la.

**Enfòmè!**

Reponn klèman epi dirèkteman chak keksyon. Pa depase maksimòm mo ak paj ki rekòmande. *Ou ka chwazi mansyone estati imigran-ou ak obstak ou te dwe simonte akòz estati imigran-ou oubyen esplike ou pa elijib pou èd gouvènman federal pou edikasyon siperyè.*

**Byen revize epi edite**

**Reli esè-ou:** fòt dètograf ak gramè pa aseptab. Mande omwens de moun fè lekti esè-ou anvan ou soumèt esè-a.

**Prepare w pou entèvyou**

Plizyè bous prive ekzije entèvyou fasafas avèk chak aplikan. Se yon bon lide **kòmanse pratike pale an piblik** epi aprann teknik entèvyou.

**Chache yon moun ki ka ede w epi defann enterè-ou**

Plizyè bous ekzije lèt rekòmandasyon **-letters of recommendation-** de pwofesè oswa konseye. Asire moun ou mande ede w konnen ou byen epi konprann estati imigran-ou.

**Èske gen yon pwosedi apèl?**

Si ou obteni yon bous men lajan pou bous-la pa sifi pou kouvri tout frè ak depans-ou, kèk bous gen pwosedi apèl. Fè demach-la ou kapab resevwa èd siplemantè selon sikonstans espesyal.

**Pale ak Sèvis Admisyon:**

Pale dirèkteman ak yon *admissions officer* (ofisye admisyon) oswa yon konseye èd finansye. Sa kapab itil-ou. *Mande si gen yon manm nan estaf-la ki espesyalize travay ak elèv san papye epi ki kapab asiste elèv sila efektivman.*

Men kèk kesyon ou kapab poze:

**Admisyon:**

- Kijan yon elèv san papye kapab reponn keksyon osijè sitizennchip sou aplikasyon-an? Èske yon elèv san papye kapab kite espas-la vid pou nimewo sosyal sekirite SSN oswa antre zewo nan plas SSN?
- Èske elèv-yo kapab kite espas vid sou aplikasyon disponib sou Entènèt oswa yap bezwen soumèt yon aplikasyon sou fòm papye?

**Èd finansye- èd pou peye kolèj:**

- Èske elèv san papye elijib pou nenpòt èd finansye yon enstitisyon ofri? Nan ka sa, èske gen fòm siplemantè yo bezwen ranpli?
- Èske enstitisyon-an ofri egzansyon pou frè oswa pou frè detid (tuition) nan ka sa kijan elèv ka aplike pou egzansyon sila?
- Kijan elèv kapab elijib pou frè etid aplikab andedan Leta-a (in-state tuition)?

**Bous detid (scholarship):**

- Èske enstitisyon-an ofri bous etid pou elèv san papye? E pou bous prive?
- Ki kalifikasyon ki aseptab pou bous-sa-yo? Èske elèv-yo dwe soumèt fòm adisyonnèl?
- Si yon elèv resevwa yon bous detid, kisa li dwe fè pou kenbe bous-la? Èske li ka pèdi bous detid-la si li gen move nòt?
- Èske bous detid-sa-yo valid pou tout tan yon elèv anwole nan lekòl-la? Kisa k'ap rive si yon elèv pran plis pase kat ane pou diplome? Èske ou gen bous detid pou elèv ki transfere de yon lòt lekòl?

**Pwogram Detid (Programs of Study):**

- Èske gen espesyalite (majors) ki pa disponib pou elèv san papye akòz de estati imigran-yo?
- Èske si m ranpli yon aplikasyon pou lekòl sa/espesyalite sa ekzije yon verifikasyon antesedan (*background check*)?
- Apre gradyasyon, èske elèv san papye kapab jwenn travay ak diplòm-sa? Oswa èske elèv-la va bezwen yon verifikasyon antesedan, sètifikasyon, oswa lisans nan men Leta, epi elèv-la vin inelijib akòz estati imigran-li?

## Plis posiblite altènatif pou Finansman

Anpil elèv san papyè jwenn nouvo fason, explore nouvo posiblite ki va pèmèt yo peye etid kolèj-yo. Men kèk egzanz sa elèv kapab fè pou soulaje fado finansye-yo:

### Finansman patisipatif - Crowd-funding:

Siweb finansman patisipatif (crowd-funding) itil paske sit-sa-yo ka atenn yon gran kantite moun anmenmtan. Pifò sitweb kite yon moun ekri yon istwa kout pou pale de li-menm nan yon post sou Entènèt. Moun la ka poste sou sit-la yon deklarasyon pou esplike rezon pou finansman etid-li epitou pèswade lezòt pou sipòte kòz-li. Elèv-yo kapab poste yon lyen crowd-funding pèsonalize ki va louveri sou paj Facebook, Twitter, ak lòt medya sosyo-yo, lyen ki va konekte-yo ak zanmi epi fanmi-yo.

### Lèt donasyon:

Elèv-yo kapab redije yon lèt donasyon pou mande fanmi, zanmi, ak biznis lokal sipòte-yo finansyèman epi ede-yo akonpli bi edikasyonèl-yo. Elèv-yo dwe espesifye poukisa yo vle pouswiv yon edikasyon siperyè, kisa yo vle fè ak edikasyon yo va resevwa, epi esplike pwoblèm finansye yo prevwa pandan tan yap etidye pou obteni diplòm-yo.

### Prè (loan) prive:

Kèk bank ofri imigran san papyè prè (loan) prive. Sepandan, bank-sa-yo anjeneral mande elèv san papyè, ki kalifye, jwenn yon kòsiyatè, sitwayen U.S. oswa rezidan pèmanan ki gen bon solvabilite. Elèv ak fanmi-yo dwe byen konprann yon prè (laon) vin akonpye ak gwo to enterè.

## Resous & Bibliyografi

### Kolèj ki asepte elèv san papyè & enfòmasyon sou èd pou peye kolèj

Itilize sit **Naviance** pou fè rechèch.

Konekte nan Naviance sou sit [www.browardschools.com/naviance](http://www.browardschools.com/naviance) epi chache lekòl-ou. Anba tab College (onglè Kolèj), defile tèks-la jiska 'Scholarships & Money' (Bous detid ak lajan), anba opsyon 'National Scholarship Search' se la ou ka presize kritè seleksyon-ou pou bous, anba 'Citizenship'; chwazi 'Not a US Citizen' (Pa yon sitizenn). Ou kapab presize ki kritè seleksyon ki enterese w, epi itilize meni dewoulan (drop down menu) anba 'Special Circumstances' (Sikonstans spesyal) chwazi 'Immigrant' (Imigran) oswa 'International Student' (Elèv Entènasyonnal).

<http://www.bestcolleges.com/resources/undocumented-students-guide/>

<http://cccie.org/outreach/resources-for-colleges-serving-undocumented-students/>

<https://mydocumentedlife.org/2016/09/14/colleges-that-accept-undocumented-students-as-domestic-students/>

Advising Undocumented Students:

<https://professionals.collegeboard.org/guidance/financial-aid/undocumented-students>

<https://chooseyourfuture.cps.edu/high-school-college-career/undocumented-students/>

<http://www.onlinecolleges.net/for-students/undocumented-student-college-guide/>

<http://www.floridacollegeaccess.org/wp-content/uploads/2015/11/Supporting-Floridas-Undocumented-Students-Webinar-November-2015.pdf>

Florida Immigrant Coalition –Information about In-state Tuition – Koalisyon Imigran nan Florid – Enfòmasyon sou frè detid aplikab nan Leta-a):

<https://floridaimmigrant.org/our-work/education-immigrant-youth/in-state-tuition/>

Florida Policy regarding In-State Tuition:

<http://uleadnet.org/map/florida-policy>

What's the Price Tag for a College Education? - Montan pou peye kolèj?

[http://www.collegedata.com/cs/content/content\\_payarticle\\_tmpl.jhtml?articleId=10064](http://www.collegedata.com/cs/content/content_payarticle_tmpl.jhtml?articleId=10064)

<http://www.collegetuitioncompare.com/compare/tables/?state=FL&degree=Undergraduate>

<https://trends.collegeboard.org/college-pricing/figures-tables/tuition-fees-room-and-board-over-time>

[http://www.floridastudentfinancialaid.org/FFELP/Undocumented\\_Students/Undoc\\_Students\\_home.html](http://www.floridastudentfinancialaid.org/FFELP/Undocumented_Students/Undoc_Students_home.html) (Office of Student Financial Assistance)

<http://www.finaid.org/otheraid/undocumented.phtml>

[http://www.collegedata.com/cs/promo/promo\\_netcost\\_tmpl.jhtml](http://www.collegedata.com/cs/promo/promo_netcost_tmpl.jhtml)

FAQS re HB 851 (In state Tuition) – Kesyon moun poze souvan konsènan HB 85d (frè detid aplikab nan Leta-a):  
[https://floridaimmigrant.org/wp-content/uploads/2012/11/florida\\_hb\\_851\\_fact\\_sheet\\_2014\\_english.pdf](https://floridaimmigrant.org/wp-content/uploads/2012/11/florida_hb_851_fact_sheet_2014_english.pdf)

Opòtinite pou bous ki disponib pou elèv san papyè:

- CHISPAS Scholarships – [chispasuf.com](http://chispasuf.com)
- Becas Univision – [univision.hsfts.net](http://univision.hsfts.net)
- OCIYU Scholarship – [ociyu.org/ociyu-scholarship](http://ociyu.org/ociyu-scholarship)

Ale sou sitweb-sa-yo pou w fè rechèch sou bous (scholarship): <http://www.nasfaa.org/uploads/documents/ektron/9bbef920-9549-441f-a931-a23cc97a3889/b5eb27cfd02d4b1dbefda62566dd9af45.pdf>

- Fast Web: [www.fastweb.com](http://www.fastweb.com)
- Mexican American Legal Defense and Education Fund: [www.maldef.org](http://www.maldef.org)
- Get Ready for College: [www.getreadyforcollege.org/gPg.cfm?pageID=1586](http://www.getreadyforcollege.org/gPg.cfm?pageID=1586)
- Latino College Dollars: [www.latinocollegedollars.org](http://www.latinocollegedollars.org)
- Scholarships for Hispanics: [www.scholarshipsforhispanics.org](http://www.scholarshipsforhispanics.org)
- Genesco Migrant Center: [www.migrant.net](http://www.migrant.net)
- Mexican Scholarship Fund: <http://mexicanscholarshipfund.org/>
- La Plaza Scholarship and Financial Aid Guide: (English PDF) (Spanish PDF)
- SADCOS Scholarship Program: <http://sadco.org/sadco-scholarship-program>

Glosè Anglè/Espayòl pou Èd finansye ak Edikasyon apre lekòl segondè - English/Spanish Glossary of Student Financial Aid and Post Secondary Education:

<http://www.nasfaa.org/uploads/documents/ektron/88fdd293-2f4e-4c63-996e-f4bb95192879/0787ae7a3bcd4d0e98888ea6e82a69344.pdf>

#### **Konnen dwa-ou – Enfòmasyon itil:**

<https://www.nilc.org/issues/immigration-enforcement/everyone-has-certain-basic-rights/>

<https://www.aclu.org/>

<https://www.aclu.org/know-your-rights/what-do-if-youre-stopped-police-immigration-agents-or-fbi>

<https://www.ilrc.org/red-cards>

United We Dream: Protect yourself from Immigration Raids (jan pou pwoteje w kont otorite imigrasyon)

<https://unitedwedream.org/toolbox/>

Safety Planning (Planifikasyon sekirite w :

<http://michiganimmigrant.org/resources/library>

Dis mit osijè Imigrasyon - Ten myths about Immigration:

<http://www.tolerance.org/article/sources-ten-myths-about-immigration>

Southern Poverty Law Center –Immigrant Justice (Jistis pou imigran):

<https://www.splcenter.org/issues/immigrant-justice>

FAQS: DACA, BRIDGE Act, and being undocumented in 2017 (Kesyon moun poze souvan sou DACA, Lwa Bridhe, ak si ou san papyè diran ane 2017):

<https://www.informedimmigrant.com/faq/>

FAQS: The BRIDGE Act “Bar Removal of Individuals Who Dream of Growing Our Economy” (Keksyon moun poze souvan: sa Lwa BRIDGE otorize)

<https://www.nilc.org/issues/daca/faq-bridge-act/>

Immigrant Legal Resource Center:

<https://www.ilrc.org/daca>

BED<HC#262/is/08/17>

Document translated by the Bilingual/ESOL Department (08/17)